ISSN 2181-3187

# ПЕДАГОГИКА ИЛИМИНИҢ ЖАН КҮЙЕРИ

*(профессор Гүлнара Жумашева 60 жаста)*

**_Юсупов Конысбай Абылович_**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети профессоры,*
*педагогика илимлериниң докторы*

Заманласларымыз қәлбиниң төринен орын алған инсанлар ҳаққында пикир жуўыртқанымда белгили илимпаз-педагог Гүлнара Жумашева Ҳамийдулла қызы көз алдыма келеди. Себеби, оның илим-билим ҳәм пәнниң изинен қуўып, илим шыңына жетискенине мәмлекетимиздиң билимлендириў тараўының, соның ишинде мектепке шекемги ҳәм баслаўыш тәлим салаларының ҳәр тәреплеме жетилисип, гүллеп раўажланыўы жолында өз күш-жигерин ҳәм билимин жумсап көп пайдалы ҳәм саўаплы ислер ислегенине гуўаман. Мен бул жерде оның мийнеткешлигин ҳәм өз устинде тынбай излениў алып баратуғын алым екенлигин айтпақшыман. Ҳәр бир инсан бәйгиге қосылған атқа, ал, өмир машақатлы асырымлардан ибарат мәнзилге мегзейди. Узақ ҳәм тосқынлықлы белеслерге шыдам бере алмағанлары жуўенин сыпырып, өз байдалына кетеди. Ал, дойнағында барлары жоллар қанша аўыр болыўына қарамастан, журттың исенимин ақлап, жаўырнындағы жукти мәнзилге аман-есен елитеди. Усындай инсанлардың бири Жумашева Гүлнара Хамидуллаевна деп ойлайман, себеби тәлимди туп тийкарынан қайта қурыўдың бирден-бир негизи бул мектепке шекемги жастағы балалар тәрбиясын ҳәр тәреплеме жақсылаў, жетилистириў болып табылады. Ал мектепке шекемги билимлендириў барлық тәлим-тәрбия барысының фундаменти тийкары болып табылады. Ол жақсылап қаланбай турып алдағы тәлим-тәрбия жумысларынан жақсы нәтийже кутиўге болмайды, демек мәмлекетимиздиң келешегин ойлайтуғын болсақ биринши гезекте мектепке шекемги тәлим-тәрбия ислерин жанландырыў, оны жаңа дәўир талапларына сай жаңаша қайта қурыў лазым. Тилекке қарсы республикамызда усы ең әдиўли ҳәм ең ҳурметли, ең жуўапкершиликли ўазыйпаны мойнына алып илим-изертлеў жумысын алып барып атырған илимпазларымыз Қарақалпақстан Республикасында санаўлы десем қәтелеспеймен, ҳәзирги кунге шекем тек Гүлнарадан басқа алым мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери ушын (әлбетте өзбек тилинен аўдарылғанларды айтпағанда) қолланба ямаса дидактикалық материаллар жазып келешегимиз болған балаларға инам етпеди. Оның 1994-жылы «Билим» баспасында шыққан «Мектепке шекемги жастағы балаларды саўатлыққа үйретиў бағдарламасы ҳәм методикалық көрсетпеси, «Қарақалпақстан Республикасы мектепке шекемги тәрбия концепция»сы, 1994-жылы «Қарақалпақстан» баспасында шыққан «Халық дөретпелери бала

турмысында» атлы методикалық қолланбасы, 1995-жылы «Билим» баспасында шыққан «Бақшада сахналастырылған ойынлар» атлы методикалық қолланбасы, 1997-жылы «Билим» баспасында шыққан «Формирование основ культуры общения дошкольников на каракалпакском языке средствами театрализованных игр» атлы монографиясы, 2001-жылы «Билим» баспасында шыққан «Балаларға қарақалпақ тилин уйретиўде дидактикалық ойынлардан пайдаланыў» атлы методикалық қолланбасы ҳәзирги күнге шекем мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми тәрбияшыларының ҳәм улыума билим бериў мектеплериниң баслаўыш класслары муғаллимлериниң ең сүйикли қолланбаларының бири болып келмекте. Буннан тысқары Гүлнара Жумашева баслаўыш орыс класслар ушын 1994-жылдан баслап бириншилер қатарында «Қарақалпақ тили» сабақлығын биринши класстан баслап бесинши классларға шекем таярлап баслаўыш класс оқыўшыларын қуўанышқа бөлеп келди. Буннан басқа ол тәлим қарақалпақ тилинде алып барылатуғын мектеплердеги 2-класслары ушын «Өзбек тили» сабақлығын ҳәм тәлим басқа тиллерде (өзбек, қазақ, туркмен, орыс) алып барылатуғын мектеплердиң 2-3 класслары ушын «Қарақалпақ тили» сабақлығын «Билим» баспасында бир неше мәрте жәриялады. Соның менен бирге ол тәлим рус тилинде алып барылатуғын мектеплердиң 5 класслары ушын «Қарақалпақ тили» сабақлығын «Билим» баспасында жәриялады.

Гүлнара Жумашева 1964-жылдың 18-июлында Нөкис қаласында белгили алым, китап баспасы исиниң жетик қәнигеси сыпатында журтшылыққа кеңнен танылған, қарақалпақ әдебиятының жанкүйери, халқымыздың бийбаҳа әдебий маржанларын дүнья аренасына алып шыққан, дилмаш, алым ҳәм журналист, елге белгили педагог устаз Ҳәмийдулла Жумашевтың шаңарағында дүньяға келген нәрестеге Гүлнара деп исм қойылғанда оның усындай зыялы шаңарақтан өсип, илим тараўына жақыннан таныс болыўы, Гүлнараның келешекте ағартыўшылық исиниң маманы әкесиниң исин даўам етиўши перзенти болатуғынлығын ҳешким қыялына да келтирмеген шығар.

Жаслайынан зийрек өскен тынық минезли, билимге жудә куштар Гүлнара 1981-жылы орта мектепти табыслы тамамлап, Т.Г.Шевченко атындағы Нөкис мәмлекетлик университетине оқыўға түседи. Жумашева Гүлнара Хамидуллаевна 1986-жылы Нөкис Мәмлекетлик Университетинин рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкерип, өзиниң дәслепки мийнет жолын қәнигелиги бойынша 1986-жылы Нөкис қаласындағы 8-санлы орта мектепте рус тили хам әдебияты пәни оқытыўшысы болып ислеўден баслайды. Буннан тысқары ол № 32 санлы орта мектепте баслаўыш классларда рус ҳәм қарақалпақ тили муғаллими болып жумыс ислеп устазлық етти. Бирақ оны негедур мектепке шекемги жастағы балалар тәрбиясы айрықша қызықтыратуғын еди сол себепли ол №1 балалар

ISSN 2181-3187

бақшасында тәрбияшы болып та иследи. Гүлнара Ҳамийдулла қызы балалар менен бирге болып, олардың ҳәр қыйлы қызығыўшылықларын, сөйлеў тилиниң раўажланыў өзгешеликлерин изертлеп, минез-қулқындағы ҳәр түрли қубылысларды бақлап, олардың унамлы бағдарда өсип жетилисиўине ҳәр тәреплеме жағдай жаратып тәрбиялық жумыслар алып барды.

1991-жылдан баслап Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институты Каракалпакстан филиалында мектепке шекемги тәрбия ҳәм баслауыш тәлим теориясы ҳәм методикасы бөлиминде дәслеп илмий хызметкер, соң бөлим баслық лаўазымында ислеген, усы дәўир ишинде бир ўақытта К.Убайдуллаев атындағы Республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў ҳәм қайта таярлаў институтында оқытыўшы (лектор) болып иследи. Талантлы алым бул жумысқа өткеннен кейин өзиниң теориялық билимин ҳәр тәреплеме тереңлестириў үстинде жеделли иске киристи. Китапханалардың оқыў залларында саатлап отырып китап аўдарды мектепке шекемги ҳәм баслаўыш тәлим методикасына тийисли әдебиятларды бар интасын салып оқыды ҳәм бул тараўдағы алымлар менен жақын қатнаста бола баслады. Усындай көп излениўлерден кейин кандидатлық диссертациясының темасын да анықлады ҳәм тынбай излениў, бақлаў жумысларын алып барды. Нәтийжеде 1996-жылдың 29-декабринде Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институтында «Сахналастырылған ойынлар арқалы мектепке шекемги жастағы балаларда (тәлим орыс тилинде алып барылатуғын топарларда) қарақалпақ тилинде мәдениятлы сөйлеў көнликпелерин қәлиплестириў» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шықты ҳәм 1997-жылыдың 1-майында Жоқары Аттестация Комиссиясы тәрепинен «Педагогика илимлериниң кандидаты» (13.00.01) деген илимий дәрежени алды. 2001-жылы Жоқары Аттестация Комиссиясы тәрепинен Т.Н. Қары-Ниязий атындағы Өзбекистан педагогикалық илим-изертлеў институтының усынысы менен (13.00.01) үлкен илимий хызметкер (доцент) атағын алыўға миясар болды.

Гүлнара Жумашева мектепке шекемги билимлендириў тараўы бойынша туңғыш шыққан илимпаз қызларымыздың бири. Бизлер оны ҳәр дайым мақтаныш етип жүремиз. Оның қәлеминен дөрелген бул мәселе бойынша илимий мақалалар менен методикалық қолланбалар, бағдарламалар Республикамыздағы мектепке шекемги жастағы бала тәрбиясы менен шуғылланатуғын мәкеме хызметкерлерине, тәрбияшыларына улыўма ата-аналарға жақыннан жәрдем беретуғын қунлы материаллар болып табылады.

Гүлнара Ҳамийдулла қызы ҳәр жылы (Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекистан педагогикалық илим-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалында ислеген жыллары) Республикамызда өткерилетуғын «Жыл

тәрбияшысы», «Ағла муғаллим», «Тиллер көриги», «Көргизбели қураллар» ҳ.т.б. ҳәр қыйлы республикалық ҳәм қалалық көрик-таңлаў жарысларында жюри қурамының ағзасы болып, олардың керекли хүжжетлерин таярлаўда жәрдем берип табыслы өткерилиўине өз үлесин қосып келди.

Гүлнара 1995-жылы «Мактабгача тарбия» журналы өткерген ең жақсы мақалалар конкурсының лауреаты атанды ҳәм Өзбекстан Республикасы халық билимлендириў министрлиги тәрепинен шөлкемлестирилген жас аспирант, докторант ҳәм излениўшилердиң педагогика илими бойынша жарысына қатнасып онда да жас алым қыздың илимий жумысы жоқары баҳаланып «Ҳүрмет жарлығын» алыўға мияссар болды. Ол 1994 жылы «Ғумша» журналы ред.коллегия ағзасы, 1995- жылдан «Мактабгача таълим» ред.коллегия ағзасы болған, 2019- жылдан усы кунге шекем «Муғаллим ҳәм узиликсиз билимлендириў», 2024-жылдан баслап «Илим ҳәм жәмийет» журналының ред.коллегия ағзасы.

1999-жылдын август айынан баслап Ташкент педиатрия медицина институтынын Нокис филиалында оқыў методикалық бөлиминиң баслығы, 2001-2008 жыллары усы институттың «Жәмийетлик пәнлер» кафедрасында доцент лаўазымында иследи. Г.Х.Жумашева 2001-2004-жыллары Т.Н.Кары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалык илим-изертлеў институтында «Тиллерди окытыў теориясы хам методикаси» қәнигелиги бойынша докторантураны тамамлап, докторлык диссертация жумысы бойынша илимий жумыслар жоқары дәрежеде жуўмаклады. Ол докторантура дәўиринде «Мактабгача таълим» журналының редакторы лаўазымында табыслы жумыс алып барды.

2008-жылдың сентябрь айынан ҳәзирги дәўирге шекем Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Мектепке шекемги тәлим» кафедрасы доценти, 2019-жылдың февраль айынан ҳәзирги дәўирге шекем Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының «Мектепке шекемги тәлим» кафедрасы баслығы лаўазымында нәтийжели жумыс алып бармақта.

Г.Х.Жумашева «Еки тиллилик жағдайында қарақалпақ тилинде сөйлесиў көнликпелерин қәлиплестириў (тәлим рус тилинде алып барылатуғын мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери ҳәм улыўма билим бериў мектеплериниң баслаўыш классларында)» темасында докторлық диссертациясын Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы илимий дәрежелер бериўши DSc.03/30.04.2021.Fil.20.01 санлы Илимий кеңес жанындағы 13.00.02-Теория ҳәм методика тәлим ҳәм тәрбия (қарақалпақ тили)» қәнигелиги бойынша бир мәртелик Илимий Кеңесинде 2021-жылдың 10-август сәнесинде жоқары дәрежеде қорғап шықты ҳәм 2021-жылдың 31-сентябрь сәнесинде Өзбекстан

Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Жоқары Аттестация комиссиясы тәрепинен 13.00.02 – Теория ҳәм методика тәлим ҳәм тәрбия (қарақалпақ тили) қәнигелиги бойынша педагогика илимлери докторы (DSc) илимий дәрежеси дипломы берилди. Диссертация жумысына жетекши мәкеме сыпатында Ургенч мәмлекетлик университети белгиленген ҳәм жетекши мәкеме сыпатында пикир берген.

Г.Жумашеваның авторефератына ҳәм диссертациясына Қазақстан Республикасы М.Аўезов атындағы Қубла-Казақстан университети қасындағы Инновациялық технологиялар институты директорының орынбасары, филология илимлери докторы Б.К.Еликбаев, Максим Танка атындағы Беларуссия мәмлекетлик педагогикалық университети доценти, педагогика илимлери докторы В.Позняк, Россия Федерациясы Кубан мәмлекетлик университети доценти, филология илимлери кандидаты О.И.Кузнецова, Қырғыз мәмлекетлик университети доценти, филология илимлери докторы С.З.Садыкова, Россия Илимлер Академиясы Сибир бөлим Социал ҳәм ҳуқыйқый философиялық изертлеўлер бөлими баслығы, педагогика илимлери докторы, профессор А.А.Абрамова, профессор А.А.Ворожбитова, А.В. Коротышев, К.У. Темиров, А.С.Демченко, профессор Ш.Ш.Олимов, профессор Б.Б.Маъмуров, проф. А.А.Халиқов профессор Д.Р.Бабаева, проф. Н.Н.Джамилова, професор М.С.Салаева, филология илимлери докторы З.Бекбергенова, педагогика илимлери докторы О.Ҳ.Жўраев, педагогика илимлери докторы Х.Ж.Худайқулов, педагогика илимлери докторы Р.Д.Шодиев, филология илимлериниң докторы К.Палымбетовлар ҳәм басқа алымлар унамлы пикирлер билдирген.

Гүлнара Ҳамийдулла қызың дөретиўшилик ислеринде жаңадан-жаңа табысларды қолға киргизип, республикамыздың мақтанышы, ҳаял-қызларымыздың ишинен биринши педагогика илимлериниң докторы профессор. Оған Гүлнараның билими, таланты да, күш-жигери де, әсиресе шыдамлылығы, сабырлылығы, искерлиги, қолға алған исти ақырына жеткермей қоймайтуғын талапшаңлығы толық жетеди деп ойлайман.

Гүлнара Ҳәмийдулла қызы ҳаққында ҳәм оның жетискенликлерин өз ўақтында Республикалық газета журналларда белгили илимпаз ҳәм журналистлер тәрепинен жәрияланып барылды, солардан: «Учитель Узбекистан» газетасының 1997-жылы 30-июльдағы санында «С помощью театрализованных игр» мақаласы, «Вести Каракалпакстана» газетасында «Учить мыслить, думать, творить» мақаласы, «Вести Каракалпакстана» газетасының 1999-жыл 23-январындағы санында «Формирование культуры общения» мақаласы, «Учитель Узбекистан» газетасының 1999-жылы 18-августындағы санында «Следуя заветам отца» мақаласы, «Қарақалпақсан жаслары»

ISSN 2181-3187

газетасының 1993-жылы 2-декабрдеги санында «Табылмас дослық» мақаласы, «Қарақалпақстан жаслары» газетасының 1997-жылы 31-июльдағы санында «Кишкенелер тәрбиясының қәнигеси» мақаласы, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 1997-жылы 29-июльдағы санында «Кишкенелердиң журегине жол тауып...» мақаласы, «Қарақалпақсан хаўазы» газетасының 1998-жылы 7-мартындағы санында «Алым қыздың туңғыш қәлемлери» мақаласы, «Устаз» газетасының 2000-жылы 30-март айында «Ата кәсибин ардақлаған алым қыз» мақаласы, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2014-жылы «Өз кәсибине пидайы илимпаз, тәжирийбели педагог» мақаласы, 2015-жылы № 4 «Тәлим-тәрбия жыршысы» атамасында «Әмиўдәрия» журналында хәм «Илим хәм жәмийет» журналының 2009-жылғы № 3-4 (111- б.) «Педагогика илими, методика хәм филологияның раўажланыўына қосқан үлес» мақаласы, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2009-жылы 7-ноябриндеги санында «Баҳалы изертлеў болды» мақаласы, «Соғлом авлод учун» журналының 2009-жылғы санында «Новизна в сфере образования» мақаласы, Н.Хатамовтың «Мурувват-ҳамдамим» Ташкент «Навруз» баспаханасында 2013-жылы (210-212б.) шыққан мемуар жанрындағы китабында, «Қарақалпақстан жаслар» газетасының 2022-жылы 6-январындағы санында «Өз кәсибине пидайы илимпаз, тәжирийбели педагог» мақаласы Гүлнара ҳаққында мақалалары жәрияланды. Буннан тысқары «Учитель Узбекистан» газетасының 1999-жылы 19-май айындағы санында Гүлнараның авторлығындағы 2-қаракалпақ класслары ушын «Өзбек тили» сабақлығы, тәлим орыс тилинде алып барылатуғын мектеплердиң 2-хәм 5-класслары ушын жазылған «Қарақалпақ тили» сабақлыклары мектеплерде пайдаланылсын деген дизимде жәрияланған. 2013-жылдан берли бир өзиниң авторлығында улыўма билим бериў мектеплерининң оқыў басқа тиллерде (рус, өзбек, қазақ, туркмен) алып барылатуғын 2 хәм 3-класлары ушын «Қарақалпақ тили» сабақлығының авторы. Соның менен бирге жоқары оқыў орынларының бакалавр тәлим бағдары ушын 2001-жылы «Педагогика» оқыў қолланба, 2019-жылы «Әлипбе оқытыў̄ методикасы» Оқыў қолланба, 2024-жылы «Балалар дене тәрбиясы» оқыў қолланба, 2024-жылы “Бошланғич таълим педагогикаси, инновацияси ва интеграцияси» сабақлық баспада жәрияланды. Магистратура қанигелиги ушын 2021-жылы «Мактабгача таълимни бошқаришнинг илмий асослари» атамасында оқыў қолланба хәм 2024-жылы «Мактабгача таълимни бошқаришнинг илмий асослари» атамасында сабақлық баспада жәрияланды.

Талантлы илимпаз Қарақалпақстанда мектепке шекемги билимлендириў хәм баслаўыш тәлим тараўының жумысларын бир қанша жаңалаўға ерисип тәлим-тәрбия барысына жаңа оқытыў методларын киргизиў менен бирге оның илимий тийкарларын жаратып, балалардың билимге болған қызығыўшылығын

ISSN 2181-3187

асырыўда илимий тийкарланған оқытыў усыллары бойынша бир қатар илимий жумысларды алып бармақта.

Гүлнара Хамидуллаевна илимий жолы даўамында республикада мектепке шекемги билимлендириў ҳәм баслаўыш тәлим тараўының илиминиң раўажланыўына, жоқары дәрежели кадрлар таярлаўға үлкен үлес қосты. Мектепке шекемги тәрбия ҳәм баслаўыш тәлим теориясы ҳәм методикасы қәнигелиги бойынша илимий мектеп қәлиплестирип, 15 магистрлик диссертация ҳәм жетпистен аслам бакалавр питкериўшилериниң қәнигелик жумысларын жақлатып, 1 таяныш докторант ҳәм 7 еркин изleniўшиге илимий басшылық етип атыр.

Ол 2016-жылы Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты педагог-хызметкерлери арасында өткерилген «Жоқары оқыў орнының ең жақсы педагогы» таңлаўының «Ең жақсы педагог-изleniўши» номинациясы бойынша 3-орынды ийелеп III дәрежели диплом менен сыйлықланды. 2019-жылы Ташкент қаласында Жоқары ҳәм орта арнаўлы тәлим вазирлиги жанындағы «Маънавият ҳәм маърифат» орайында Жоқары ҳәм орта арнаўлы тәлим вазирлиги тәрепинен шөлкемлестирилген 2019-жыл 14-17 август кунлери жоқары билимлендириў шөлкемлериниң тәрбияшы-педагоглары қатнасыўында өткерилген оқыў-семинарға актив қатнасқаны ушын сертификат алыўға миясар болды. Өзбекстан Республикасы Ташкент қаласында 2022-жылы 14-16 ноябрь кунлери өткерилген Киши жастағы балаларға тәлим-тәрбия бериў бойынша ЮНЕСКОның II жәҳән конференциясына қатнасты.

2023- жылдың апрель айында Қазақстан Республикасы Алматы қаласы Абай атындағы Қазақ Миллий педагогикалық университетинде «Инновации в образовании: опыт, проблемы и перспективы» атлы II халкаралық илимий-әмелий пленар конференциясында өз баянаты менен қатнасып Абай атындағы ҚазМПУ ректоры тәрепинен I дәрежели диплом менен сыйлықланды. Соның менен бирге Абай атындағы Қазақ Миллий педагогикалық университети жанындағы «Педагогика ҳәм психология» институтының магистратура қәнигелигинде мастер класс ҳәм семинар-тренинг өткизген.

Жумашева Гүлнара Хамидуллаевна Қарақалпақстан Республикасында 13.00.02-Теория ҳәм методика тәлим ҳәм тәрбия (қарақалпақ тили)» қәнигелиги бойынша ҳаял-қызлар ишинен биринши алым, педагогика илимлери докторы дәрежесине ҳәм 13.00.08- Мектепке шекемги тәлим ҳәм тәрбия теориясы ҳәм методикасы қәнигелиги бойынша ҳаял-қызлар ишинен биринши профессор атағына мияссар алым қыз. 2023-жылы “Science and innovation” халқара илимий журналдың “O’zbekistonning taniqli olimlari-2023” энциклопедиясынын 2023-жылғы топламына киритилди. Ол ҳаққынла мағлыўматлар «taniqliolimlar.uz» платформасына жайластырылған.

Халық рәўиятлардың биринде «Биреў өмирден шаңғытып өтеди, шаңы өзи менен кетеди, биреў өмирден үндемей кетеди, изин ҳәм исин журт көзине сүрме етеди» дегендей марҳум Ҳәмийдулла Жумаш улы көп аса үндемейтуғын, сөйлесе ҳәр бир сөзи шахмақтың тасындай от шашып туратуғын адам еди... Мине усындай терең билимдан инсаның қызы Гүлнарада әкесиндей елге ҳүрметли, халыққа сыйлы азамат болып жетисти ҳәм әкесиниң ҳақыйқый қызы екенлигин дәлилледи. «Тулпар изин тай басар» дегендей Гүлнара марҳум әкеси Ҳәмийдулла Жумашевтың питкере алмаған ислерин даўамлап, Республикамызға танылған педагог алым, искер илимпаз, журналист, дилмаштың илимий ислерин ақырына жеткерип атыр.

Улыўмаластырып айтқанда, педагогика илимлеринин докторы, профессор Жумашева Гүлнараның сабақлық, оқыў қолланбалары, монографиялары ҳәм илимий мақалалары бүгинги жасларды билимли ҳәм илимли етип тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


1. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda ádebiy materiallardı tallaw metodikası. Monografiya. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. –120 b
2. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
3. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları. Monografiya. – Tashkent: NIF MSH, 2024. –154 b. UDK: 82 KBK: 83
4. Yusupov K.A., Yusupov I.K. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar. Oqıw qollanba. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. – 120 b
5. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.
6. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.
7. Yuspov KA Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.
8. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.
9. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.
10. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Методикалық қолланба. – Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.
11. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. Методикалық қолланба. – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.
12. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери. Методикалық қолланба. – Nókis: Miraziz Nukus, 2018. – 5 б.т. – 80 б.
13. Юсупов К.А. Қәнигелик пәнди оқытыўда инновацион технология. – Nókis: Miraziz Nukus, 2015. – 6 б.т. – 96 бет.
14. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.
15. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). Germany. 1-2019. 83-85.

16. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. – Vol 7, Issue 7, 2020. №1. – P.P. 349-354
17. Повышение интереса учащихся к литературе на основе анализа художественных произведений. «Наука и Общество» журнал, №2 2018, стр.32-34.
18. Юсупов К.А. Изучение внеаудиторных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях «Наука и Общество» журнал, №3 2018, стр.36-38.
19. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492, 10.5958/2249-7137.2021.01525.1
20. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1
21. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53 (13.00.00. №8).
22. Юсупов К.А. Актуальные вопросы преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы Международной научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.352-355.
23. Юсупов К.А. Изучение лирики Усербай Алеўова / Литература и художественная культура тюркских народов в контексте восток-запад. Материалы Международной научно-практической онлайн-конференции Казань, 22-25-октября 2020 г. Стр.348-351.
24. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде шайыр лирикасын үйрениў. // Илм-фан ва таълимнинг ривожланиш истиқболлари. Республика илмий конференцияси тўплами. – Тошкент: www.openscience.uz, 25 сентябрь 2020 йил. – №6. – Б. 25-28.
25. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e-ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.
26. Юсупов К.А.Педагог шайыр лирикасы ҳәм тәлим-тәрбия мәселелери // Ilim ha’m ja’miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2021. – №4. – Б. 100-102.
27. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. «Әмиўдәрья» , 2021, – №4, Б. 63-68.
28. Юсупов К.А. Әбдимурат Атажановтың дөретиўшилик устаханасы. «Әмиўдәрья» ж, №5, 2018, 68-75.
29. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Ө.Хожаниязов дөретиўшилигин үйрениў // Ilim ha’m ja’miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 32-35.
30. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71
31. Yusupov K.A. Umumiy o’rta ta’lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o’qitish masalalari// Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18
32. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603.
33. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 26-30. ISSN: 7152-7159.
34. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.
35. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181.
36. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. (2022). PP. 210-216.

37. Юсупов К.А. Әдебияттаныўда салмақлы орны бар алым. ҚМУ хабаршысы, №1, 2015, 132-136.
38. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасында пейзаж ҳәм қаҳарман образын үйрениў мәселелери. ҚМУ хабаршысы, №2, 2015, 92-96.
39. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26, 2022. Стр.196.
40. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoģci. (Impact Factor: 9.2). Vol. 26 (2022). Page - 200-208. ISSN: 2544-980X.
41. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1, 30 август, 2022. – Стр. 44-50.
42. Yusupov K.A. Methods of Teaching the Works of O.Satbaev in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01lssue. September - 2022. Page – 44-53. ISSN: 2720-6882.
43. Yusupov K.A., Jiemuratova A.S. Develorment of Oral and Written Speech of Students in Schools. // Journal of intellectual prperty and human rights. Vol. 01 lssue. September - 2022. Page – 56-66.
44. Юсупов К.А Образ Айдос бия в каракалпакской литературе. // I International science conference on multidisciplinary research, Abstracts of International Scientific and Practical Conference. Berlin, Germany January 19-21, 2021, стр. 766-769
45. Юсупов К.А Изучение в современной каракалпакской лирике. / III International science conference on e-learning and education, Abstracts of III International Scientific Conference. Lisbon, 2021, стр. 349-353.
46. Юсупов К.А. Изучение творчество Казакбай Юлдашева /V Международная научно-практическая конференция по новым тенденциям в науке и образовании «Theoretical and scientific bases of scieetific thought», 16-19 февраля, 2021 г., Рим, Италия, стр. 503-508.
47. Юсупов К.А.Академиялық лицейлерде А.Атажановтың прозасын үйрениў. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 443-448.
48. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Аббаз Дабылов лирикасын оқытыў технологиялары. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г, Швеция, стр. 431-432.
49. Юсупов К.А. Юсупов И.К. Лирикалық шығармаларды оқытыў методикасы. /VI Международная научно-практическая конференция по фундаментальным наукам, искусству, бизнесу и образованию, интернет-технологиями и обществу. 23-26 февраля, 2021 г., Стокгольм, Швеция, стр. 469-474.
50. Юсупов К.А. Изучение литературных жанров. /VIII Международная научно-практическая конференция «Problems and tasks of modernity and approaches to their solution. 2021 г., Япония, стр. 198-203.
51. Юсупов К.А. Изучение творчества Аденбая Тажимуратова в академических лицеях./IX Международная практическая я конференция «Innovative technologies in science and education», 2021 г., Израил, стр. 226-232.
52. Юсупов К.А. Изучение произведения писателя в академических лицеях. // IX Международная научно конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Израил, стр. 233-238.
53. Юсупов К.А. Изучение творчества Кали Жуманиязова в академических лицеях. /IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Израил, стр. 239-243.
54. Юсупов К.А. Изучение творчества Конысбай Камалова в академических лицеях. // IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Иерусалим, Израил, стр. 250-256.

ISSN 2181-3187

55. Юсупов К.А. Изучение произведения Мамбеталы Кайыпова в академических лицеях.// IX Международная научно-практическая конференция «Innovative technologies in science and education», 04-06 марта, 2021 г., Израил, стр. 257-264.
56. Юсупов К.А. Изучать разборы эпических произведений в академических лицеях. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон.
57. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде көркем шығармаларды оқытыў технологиялары. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-марта, 2021 г., Лиссабон: стр.237-242
58. Юсупов К.А. Драмалық шығармаларды оқытыў усыллары. /X Международная научно-практическая конференция «Topical issues, achieverments and innovations of fundamental and apppitd scieences», 09-12 марта, 2021 г., Лиссабон, Португалия: стр. 243-248.
59. Юсупов К.А. Изучение лирика Кунхожа в академических лицеях. /XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: стр. 160-165.
60. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик психологиясы. / XIII Международная научно-практическая конференция «Development of modern science: theeory, meethology, practice», 18-19 марта, 2021 г., Мадрид, Испания: – стр. 180-185.
61. Юсупов К.А. Использование современных педагогических технологий в преподавании каракалпакской литературы /Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская интература и культура в контексте взаимодействия национальных литератур и искусств». Казанский федеральный университет, 26-марта, 2021 г.стр.356-362.
62. Юсупов К.А. Изучение творчества Сапа Матчанова. /XV Международная научно-практическая конференция «The world science of modernity. », 2021 г., Париж: стр. 170-175.
63. Юсупов К.А. Инновационные технологии в обучении каракалпакской литературе /Материалы Международной научно-практической конференции. «Татарская поэзия и культура второй половины XX начала XXI века». Казань, 26- апреля, 2021 г. Стр.341-346.
64. Юсупов К.А. Т.Қайыпбергеновтың «Айдос баба» (Мың тиллаға баҳаланған гелле) драмасын таллаў усыллары / «Түркий халықлары фольлоры ҳәм әдебияты тарийхы изертлениўиниң әҳмийетли мәселелери» атамасындағы online халықаралық илимий-теориялық конференция материаллары топламы. – Нөкис: НМПИ баспасы, 2021 (27-28-май), – 245-248-бб.
65. Юсупов К.А. Қарақалпақ прозасында миллий психологияның сәўлелениўи. /«Түркий филологияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы халықаралық илимий-теориялық конференция материаллар топламы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2021, 113-118-бб.
66. Юсупов К.А. Развитие литературной речи и письменного языка учащихся на уроках литературы. “Models and methods for increasing the efficiency of innovative research” a collection scientific works of the international scientific conference (11 Desember, 2021) – Berlin: Copenhagen, 2021. ISSUE– p. 161-165.
67. Юсупов К.А. Қосық теориясын арнаўлы изертлеўши алым.. /Инсан қәдири – инсанлар қәлбинде. (публицистикалық мақалалар топламы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2022, – 151-159- бб.
68. Юсупов К.А. Анализ методика художественного произведения /Сборник материалов Международную научно-практическую конференцию посвященной 60 – летию кафедры «Педагогика» на тему: «Современное общество и педагогическое образование». Казакстан, Л.Н.Гумилев атындағы Еуразия университети. 22-апреля, 2022 г Стр.268-271.
69. Юсупов К.А. Ádebiyat sabaqlarında oqıwshılardıń dóretiwshilik kompetenciyasın rawajlandırıw. /The and analytical aspects of recent research: International scientific-online conference, Issue 2022. Turkiya, pp. 104-109.

ISSN 2181-3187

70. Юсупов К. Академиялық лицейлерде жазыўшылар дөретиўшилигин үйрениў / Ўзбекистонда илмий-амалий тадқиқотлар. Республика 15-кўп тармақли илмий масофавий онлайн конференция материаллари тўплами. – Тошкент: Tadqiqot, 30 апрел 2020 йил. – Б. 228-230.
71. Юсупов К.А. Академик лицейларда адабиёт дарсларини ўқитиш технологиялари / Илм-фан ва таълимнинг ривожланиш истиқболлари. Республика илмий биринчи конференцияси тўплами. – Тошкент: www.openscience.uz, 27 апрел 2020 йил. – №1. (2-қисм). – Б. 25-28.
72. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде лирикалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 181-184
73. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде драмалық шығармаларды интерактив технологиялар менен оқытыў // Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў. – Нөкис, 2019. – №6/1. – Б. 4-8
74. Юсупов К.А. Конысбай Камалов дөретиўшилигин үйрениўдиң гейпара мәселелери// Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. Нукус, 2019. №4. – Б. 94-98
75. Юсупов К.А. Эпик асарларини ўрганиш усуллари. / в конференция и публикацию статьи в сборнике «Международная конференция академических наук », 25- сентябрь, 2022. Россия. Стр. 115-126.
76. Юсупов К.А. Изучение лирических произведений на уроках литературы. /Spain International scientific-online conference: "Solution of social problems in management and economy" Part 1, 2022. Испания: pp. 21-26.
77. Юсупов К.А. Халмурат Сапаров дөретиўшилик жолы. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1996. 3-4-саны, 54-60.
78. Юсупов К.А. Бердақ шығармаларын үйрениў усыллары. «Қарақалпақстан муғаллими» журналы, Нөкис, 1996. 1-2-саны, 12-15.
79. Юсупов К.А. Оқыўшыларымыз пикир айтады. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 3-саны.